**दिन–गुरूवार** **दिनांक–28.05.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी–एनटीए द्वारा संयुक्त विश्वविद्यालय प्रवेश परीक्षा सीयूईटी यूजी दू हजार छब्बीस परीक्षाक संशोधित तिथि आ प्रवेश पत्र जारी कयल गेल। एनटीएक अनुसार, परीक्षा सभ आब एकतीस मई, छह तथा सात जून के आयोजित कएल जाएत। आइ होयबला परीक्षा ईद–उल–अजहा, बकरीद क कारणें आगू बढ़ाओल गेल छल। एनटीए द्वारा कहल गेल जे रवि दिनक परीक्षा दइ बला परीक्षार्थी सभक प्रवेश पत्र जारी कऽ देल गेल अछि आ एकरा एनटीएक आधिकारिक वेबसाइट सीयूईटी डॉट एनटीए डॉट एनआईसी डॉट इन सँ डाउनलोड कएल जा सकैत अछि। छओ आ सात जून के परीक्षा देइ बला शेष उम्मीदवार सभक प्रवेश पत्र जल्दिए जारी कएल जाएत।

---

शिक्षा मंत्री धर्मेंद्र प्रधान कहलनि जे सीबीएसईक कक्षा बारहमक परीक्षा मूल्यांकन प्रक्रिया मे किछु कमी ऐलाक बाद आब पुनर्मूल्यांकन प्रक्रिया शुरू कएल जायत। नव दिल्ली मे सीबीएसई अधिकारी सभक संग बैसारक बाद संवाददाता सभ सँ गपशपक क्रम मे श्री प्रधान कहलनि जे अधिकारी ई सुनिश्चित करताह जे सभ विद्यार्थी सभक शिकायतक समाधान कएल जाए आओर सभ स्तर पर जवाबदेही सुनिश्ति कयल जायत। श्री प्रधान कहलनि जे ऑन स्क्रीन मार्किंग ओएसएम एकटा प्रगतिशील प्रणाली अछि। ओ कहलनि जे चारि चारि करोड़ स्कैन कएल गेल पृष्ठक मूल्यांकन पहिल बेर सीबीएसई द्वारा ओएसएम प्रक्रियाक माध्यम सँ कएल गेल अछि।

---

कुर्बानीक त्योहार बकरीद आई मनाओल जा रहल अछि। ईद–उल–अजहा यानी बकरीद हजरत इब्राहिम आ हुनकर बेटा हजरत इस्माइलक कुर्बानीक याद मे मनाओल जाइत अछि। हमर संवाददाता कहलनि जे एहि अवसर पर विभिन्न मस्जिद आ ईदगाह सभ मे खास नमाज अदा कएल गेल। राजधानी पटना स्थित गांधी मैदान मे सेहो आई भोरे खास नमाज

अदा कयल गेल। एम्हर, बकरीद के लऽकऽ पूरा प्रदेश मे सुरक्षाक सख्त इंतजाम कएल गेल अछि। संवेदनशील स्थान सभ पर अतिरिक्त पुलिस बलक तैनाती कएल गेल अछि। सोशल मीडिया पर सेहो विशेष नजरि राखल जा रहल अछि। बकरीद क अवसर पर राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति सी.पी. राधाकृष्णन, प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी, राज्यपाल लेफ्टिनेंट जनरल सेवानिवृत्त सैयद अता हसनैन आ मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सभ गोटे के बधाई देलनि अछि।

———————————————————————————

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आई सँ दू दिवसीय दिल्ली दौरा पर छथि। एहि दरमियान ओ राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू आ उपराष्ट्रपति सी.पी. राधाकृष्णन सँ भेंट करतथि। श्री चौधरी राष्ट्रपति कँ भागलपुरक तिलकपुर गाम मे स्वतंत्रता सेनानी तिलका माँझीक प्रतिमाक अनावरण कार्यक्रम मे शामिल हेबाक लेल निमंत्रण देतथि।

———————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी एहि मासक एकतीस तारीख के आकाशवाणी सँ मन की बात कार्यक्रम मे अपन विचार साझा करतथि। ई एहि मासक रेडियो कार्यक्रमक एक सय चौंतीसम कड़ी होएत। एकर प्रसारण आकाशवाणी आओर दूरदर्शनक पूरा नेटवर्क, एआईआर न्यूज वेबसाइट आ न्यूज ऑन एआईआर मोबाइल ऐप पर कएल जाएत।

———————————————————————————

मौसम विभाग मधुबनी, शिवहर आ सीतामढ़ी जिलाक किछु भाग सभ मे तेज हवाक संग वर्षा आ वज्रपातक संभावना जतौलक अछि। एहि दरमियान पचास सँ साठि किलोमीटर प्रति घंटाक रफ्तार सँ हवा चलि सकैत अछि। एम्हर, पिछला चौबीस घंटाक दरमियान कैमूर जिलाक भभुआ बियालीस दशमवल आठ डिग्री सेल्सियसक अधिकतम तापमानक संग प्रदेशक सभ सँ गर्म स्थान रहल।

———————————————————————————

वज्रपातक अलग–अलग घटना सभ मे आठ गोटेक मृत्यु भऽ गेल। पूर्वी चंपारण जिलाक सुगौली थाना क्षेत्रक वार्ड संख्या–बारह मे घरक एकटा हिस्सा खसला सँ मलबा में दबि कऽ एक व्यक्तिक मृत्यु भऽ गेल। ओतहि, पश्चिमी चंपारण जिलाक बगहा मे तेज आंधी आ वर्षाक दरमियान कच्चा मकानक ऊपर एकटा गाछ खसला सँ एक महिला क मृत्यु भऽ गेल, आ हुनकर बेटी आ जमाय गंभीर रूप सँ घायल भऽ गेलाह। दोसर दिस, भागलपुर जिलाक गोराडीह प्रखंडक भोजपुर गाम मे तेज आंधी आ वर्षाक दरमियान बिजलीक पोल खसला सँ एक महिलाक मृत्यु भऽ गेल। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी एहि हादसा पर शोक जतबैत मृतकक निकटतम आश्रित सभ कँ चारि–चारि लाख रूपैयाक अनुग्रह अनुदान देबाक निर्देश देलनि अछि।

———————————————————————

मधुबनी रेलवे स्टेशन पर ठाढ़ अंत्योदय ट्रेनक एकटा बोगी मे आई भोरे आगि लागि गेल। सूचना भेटतहि स्थानीय रेल प्रशासन द्वारा आगि पर काबू कयल गेल।

———————————————————————

समाप्त भेल